# ЛЪАРАТІА



ЛъаратІа районалъул газета

№ 3 * март 2018 с. Газета биччала моцІида жаниб кІиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*сапарал ва суалал*

# ТІУРАЗЕ КІОЛЕЛГИ КІОЛАРЕЛГИ МАСЪАЛАБИ

*Районалъул нухмалъиялъ хъутабазде цІияб сапар бухьана*

**Щибаб соналъго гІадин исанаги тІобитІана районалъул нухмалъиялъ хъутабазда гІумру гьабулеб нилъер жамагІаталъулгун данделъи. Районалъул хІакимзаби,бегавулзаби, идарабазул бутІрул, гьенив камурав чи вукІинчІо. Гара-чІвари гьабуна росабазул жамагІатазулгун, гьоркьор лъуна кІвар бугелин ккарал суалал.**

Марталъул 13 абилеб къоялъ районалъул нухмалъиялъ чанго къокъаги гІуцІун щибаб росулъеги щун гІадамазулгун данделъи гьаризе хІукму ккана. Араб лъагІалил ахир ва исан лъагІалил байбихьи лъугьана нилъер ракьцоязе гІадатияб гуреб, лъугьа-бахъиназ цІураб, гІемерал лъикІалги квешалги суалал гьорлъ журарал. Цо-цо росабалъе щвана газ, цогиял росабалъ рагьана батІибатІиял учреждениял ва гІадамазе хІалтІизе бакІал рагьана. Амма цоги суалал хутІулел руго жеги рагІалде рахъичІел, щвалде щун хІалтІи гьабун лъугІичІел. ГІадамазул суалазда гІенеккарабго рагІулел руго газалъул, лъел мухъазул, риххун унел школазулгун ясли-ахазул, спортивиял залазул, боцІи хьихьиялъул ва хІалтІи гьечІолъиялъул гІарзал. Гьелъ бицунеб буго жеги тІуразе ккарал гІемерал ишал рукІин.

Цо-цо суалал гьенирго роцІунел рукІана, цогидал гІагараб заманалда рагІалде рахинаризе ругоян рагІи кьуна нухмалъиялъ. ЦІумилухъ ва Мазада росабалъ жамагІаталъул рагІабазда рекъон, газалъул суал буго бищунго унтараб ва хадур гъезе захІматаб. Кида нижехъе тІабигІияб газ щвезе бугеб абураб суалалъе чІван къотІараб жаваб щолеб гьечІин бицунеб букІана гьез. «Гьанже хисун вуго цІияв министргИ, исанасеб соналъ лъазе буго щиб росулъе газ биччазе бугеб. ГьабсагІаталда мухІканаб жаваб кьезе кІоларо. ЖамагІаталда цебе гьеб суалалъе жаваб кьезе ккани мухІканлъи лъазе ккола. Кинабго иш нижер компаниялда бараб гьечІо» - ян абуна МутІалибица.

ЦІумилухъ росдал жамагІаталъ тІалаб гьабулеб буго росулъ бугеб культурияб рукъ цІи сверизе ва спортзал жанисан къачІазе кумек. Районалъул нухмалъиялъ кумек гьабизе рагІи кьуна.

## Дахадаева росулъе газ щвана

ГІицІго захІмалъаби гурел рукІана жеги цо-цо рохизе ккарал лахІзаталги. Дахадаева росулъе газ биччан буго февралалда. Районалдаса ва республикаялдаса батІи-батІиял хъулухъчагІиги ракІарун официалияб къагІидаялъ газалъул рогІразда цІа рекІинабиялъул тадбир тІобитІана. Данделъиялда гІахьаллъана нилъер ракьцоял, Халкъияб собраниялъул депутатал Ражаб ГІабдулатІипов ва МухІамад МахІачев, «Дагсельхозстрой» фирмаялъул директор МутІалиб МутІалибов, ЛъаратІа районалъул бетІер Ражаб Ражабов, росдал магІишаталъул министрасул заместитель Шамиль БахІарчиев ва гь.ц.

Данделъи байбихьана ЧІорода росдал администрациялъул бетІер Джарула Джаруласвас. Гьес баркана киналго росуцоязда. Цеве вахъун кІалъана Халкъияб собраниялъул депутат Ражаб ГІабдулатІипов. Гьес кинабго росдал жамагІаталда баркана росулъе газ бахъи ва киналго ахІана росдал магІишат цебе тІезабизе районалъул нухмалъигун цадахъ рекъон хІалтІизе.

«Нижеца кІвараб хІалтІи гьабизе буго жеги росабалъ гІумру лъикІлъизе, росдал магІишат ва социалияб рахъ цебетІезабизе. Щвезабизе буго киналго нилъер росабалъе газ, росдал захІматчагІазул гІумру бигьалъизе» - ян абуна Ражаб ГІабдулатІиповас. Газалда цІа рекІинабуна районалъул бетІер Ражаб Ражабовас ва Дахадаева росдал вищун ригьалда вугев ХІабиб МухІамадовас.

## Ибрагьимотар цІияб ясли-ах рагьана

на гьенир хІадурарал шартІазе.

Ражаб Ражабов: «Гьаб кІудияб цебетІей буго лъималазе тарбия кьеялъулъ. Районалъе ва Ибрагьимотар росдае гьаб буго тарихияб лъугьа-бахъин. Щибаб лъагІалида рагьуларелъул цІиял хІукуматалъул идараби. Ясли-ахалда жанир руго лъималазе хІажатал киналго шартІал, хІукуматалъул тІалабазда рекъарал. Росдае кІиго батІияб кумек буго гьаб ишалдасан. ГІицІго лъимал яслиахалде кьей гуреб, гьанир руго хІалтІи гьечІел чагІазе хІалтІизе бакІалги. Районалъул администрациялъ ва лъай кьеялъул нухмалъиялъ кІвараб кумек гьабизе буго гьадинал хІалтІабазе».

Гьединго жиндир пикру бицана халкъияб собраниялъул депутат МахІамад МахІачевас.

«Нижеца кІвараб жигар бахъулеб буго ясли-ахалда киналго шартІал чІезаризе гурел, щибаб лъимер жиндир рокьоб гІадин гьанибги тІубалеб хІалалъ. Жакъа дуниял кІварабгІан хехго цебетІолеб буго, гьаб кІудияб росулъ лъималазе цебетІей букІине ккани байбихьизе ккола тІоцебе ясли-ахалдасан. Гьанисан байбихьула ин-










Хадусеб къоялъ хІакимзабазул къокъа рещтІана Ибрагьимотар росулъе. Гьениб рагьунеб букІана цІияб 42 лъимералъе тарбия кьолеб ясли-ах. Ибрагьимотар росулъ гІумру гьабулев Малла ГІалиев абурав чияс кьуна жиндирго рукъ ясли-ахалъе. Районалъул нухмалъиялъ тІадегІанаб къимат кьусанасе гІакълу-лъай щвезе» - ян абуна гьес.

Росдал бегавул ГІабдулхІалим ИбрагьимхІажиевас баркала кьуна киналго гьеб тадбиралда гІахьаллъарал гІадамазе.

*Продолжение на 3 стр .*

# ТIУРАЗЕ КIОЛЕЛГИ КIОЛАРЕЛГИ МАСЪАЛАБИ





*Байбихьи 1 аб. гьум.*

## Орджоникидзе росулъ цIияб медпункт

Цоги цIияб социалияб кIваралъул хIалтIи гьабун буго хьутаналда. Орджоникидзе росулъ рагьун буго цIияб медпункт. Гьеб хIалтIи гьабуна ООО « Дагсельхозстрой» абураб идараялъ. Росдал жамагIаталъул рагIабазда рекъон, гьеб цIияб ФАП бан лъугIун буго кьокъабго заманаялда жаниб. Шамиль БахIарчиевас жиндир кIалъаялда бицана кинаб кIвар бугеб гьединал цIиял бакIал рагьиялъул.

«ЖамагIаталъул сахлъи – гьеб буго нилъер бищунго кIудияб бечелъи. Нижеца ва районалъул нухмалъиялъ кидаго кIвар кьезе буго районалда ва хьутабазда гьединал социалияб кIваралъул бакIал рагьизе. Сахлъи цIуни тIоцебе кIвар буссинабизе ккараб хIалтIи буго. Нижеца хIалтIизабизе буго хадубккунги федералиял, республикаялъул ва районалъул бюджеталдасан гIарац сахлъи цIуниялъе, лъай кьеялъе ва тIоцере хIажатал ишал тIуразе» - ян абуна БахIарчиевас.

Орджоникидзе росдал жамагIаталъ ва цIияб ФАПалъул нухмалъулей Муъминат ГIабдурахIмановалъ баркала кьуна киналго гьеб хIалтIи гьабизе квербакъаразе. Гьединаб лъугьана исанасеб сапар хьутабазде. Районалъул нухмалъиялъ сапар бухьине буго хьутабазде щибаб лъагIалида кIи-кIи нухалъ.

**Расул АБАКАРОВ**

# Ахир гьечIел цIадаз цIалтарал мугIрул

## *ЛъаратIа районалда тIабигIиял балагьал*





**Ахирал соназда мугIрузул районазда гIумру гьабулел гIадамазул цо балъгояб хIинкъи буго март моцI тIаде гIагарарабго. Щиб соналъ марталда рес гьечIого лъугьуна цо кинабалиго тIабигIияб балагь. Токалъул хIубал щапула, нухал риххула, гьороца, гIуруца жидерабго гьабичIого рорчIуларо. ЛъаратIа районалъул жамагIаталъе гьеб жо кьварилъи гуро, хасго тIасияб мухъалъул росабазе. ГIемерал рихьана гьезда риххарал нухалги, гIоралъ росун арал кьоялги, амма исана цIадаз ва гьураз гIемераб жо хвезабуна.**

25 марталъул сардилъ кутакал цIадалги ран, гьуриги пун ЛъаратIа районалда щапун буго кинабниги 70 гIанасеб токалъул хIуби, риххун руго нухал ва чаналиго росулъ гьороца рукъзабазул тIохал росун руго. Гьелъул хIасилалда районалда лъабго кьоялъ гьоркьоса кьотIана ток ва тIасияб мухъалда кьана кIиго кьоялъ нух. ЛъаратIа электросетазда хIалтIулеб кьокъаялъул кьуват гIолеб букIинчIо киса-кибего кумек битIизе. Жидер хIалтIухъабазул кьадар цIакъ дагьаб бугила, районги территориялъул рахъалъ мугIрузул районазда бищунго кIудияб бугила. Гьединал захIмалъабазда кидаго дандчIвала районалъул халкъ.

БичIулареб жо буго щай гьадигIан гIемерал соназда токалъул суал рагIалде бахъинабизе кIолареб? 1970 абилел соназдаса нахъе хисичIел токалъул хIубалги кваралги руго гьабсагIаталдаги. ЛъаратIа росулъа тIаде Бугьундил, Лъебелазул ва ТIомуразул росабалъе буго цо токалъул линия 55 км манзилалъ. ГьитIиналго тIабигIиял хиса-басиял ккани ток гьечIого хутIула бащдалдасаги цIикIун районалъул жамагIат. Росабалъан гIолохъабаз кумек гьабичIого токалъул хIалтIухъабазул ресги гьечIо авария ккараб бакIалда хIалтIи гьабизе.

Гьенир цIидасан раккулел руго щибаб соналъ гIадамаз кьолел суалал. Иргадулаб райадминистрациялъул заседаниялда гьел суалазе жаваб кьуна ЛъаратIа токалъул ва кваразул жавабчилъи жинда тIаде кколев, Райэлектросеталзул нухмалъулев ГIумармухIамад ГIалиевас.

«Нижеца ресалда рекъон гьабулеб буго хIалтIи. Гьал кьоязда ккараб тIабигIияб балагь буго ахирал соназда жаниб бищунго кIудияб. Нижер вуго кинавниги анцIго чи авария ккараб бакIалда хIалтIулел. Киса-кирего цо кьоялъ щвезе рес гIоларо. ГьечIо хIукуматалъ кьолеб гIарац цIияб линия хисизе. Нижее лъагIалие рихьизарурал шартIазда рекъон хIалтIи гьабулеб буго. Авария ккараб бакIалде хIалтIухъаби ритIичIого нижеца толаро», - ян абуна ГIумармухIамад ГIалиевас.

Данделъиялда гьоркьоб лъуна нухазул суалги. ЛъаратIа ДЭПалъул нухмалъулев ГIабдулмажид ХIажимурадовасул рагIабазда рекъон, жидер идараялъул бугила нухал гьарун хIалтIулеб кинабниги анлъго трактор. Районалъул гьоркьисеб ва тIасияб мухъалда кIи-кIи трактор ва кIигояб запасалда. Биччалеб гьечIила гIарац цIиял кьуватал трактороал, техника босизе, бугеб кьуваталда рекъон хIалтIи гьабулеб бугила жидеца.

Белъелда росулъ лъабго рукъалъул тIох босана гьороца. Гьезие хIукуматалъул кумек щвезе ккани букIине кколеб рагIула 30 м/с кьуваталъул гьури. Гурони гьеб жо тIабигIияб балагь гурин рикIкIунеб буго МЧСалъул нухмалъиялъ. ЦIунайги тIабигIиял балагьаздасан.

**Расул АБАКАРОВ**

# «ИНСАН» фондалъул цIияв нухмалъулев

**Республикаялъул щибаб районалда буго динияб идараялде гьорлъе унеб «Инсан» абураб хасаб фонд. Гьеб гIуцIиялъул масъала буго районалъул щибаб росулъе, щибаб рокъоре ун гIадамазул рукIарахъиналъул хал гьаби.**

Гьебго фондалъул хIалтIухъабаз хIисаб гьабула кинаб хъизан-рукъалъе садакъа-кумек хIажат бугебали. Гьезул халгьабиялда рекъон, фондалъ кумек гьабулеб буго ресалда гьечIеб, мискинаб хъизаналъе. Кумекги гьабула гIарцудалъун, ратIлидалъун, рукъ бухIарал чагIазе материалалдалъун ва гь.ц. Гьеб гIуцIиялъ щибаб лъабго моцIалда жаниб цо нухалъ жамагIаталда цебе бихьизеги гьабула лъие кинаб кумек гьабурабалиги.

Гьеле гьеб "ИНСАН" фондалъул хIалтIуда ЛъаратIа районалда тIамуна цIияв нухмалъулев . Гьанже гьеб нухмалъи гьабулеб буго Макъсуд ИсмагIиловас. Макъсуд лъаларев чи районалда ватиларо. Гьев вуго бокьараб хIалтIул жавабчилъи тIаде босизе кIолеб жигарчиялъул гIолилав.

Макъсуд ИсмагIилов гьавуна I986 соналъул I0 декабралда ЛъаратIа районалъул ЛъаратIа росулъ. Гьенибго росдал школаги лъугIун цIализе лъугьана СаййидмухIаммад ХIажи Абубакаровасул цIаралда бугеб Исламияб Институталъул Къуръан битIун цIализе лъазабиялъул Къираат факультеталде.

20II абилеб соналъ гьеб институтги лъугIун гьев вачIана ЛъаратIа КIудияб мажгиталде лъималазеги чIахIиязеги Къуръаналъул дарсал кьезе. Гьесул мутагIильзабазде бугеб лъикIаб бербалагьиги жигарчилъиги бихьун , районалъул имам МухIаммад ГIалиевас гьев тIамуна ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб кIудияб мажгиталъул будунлъун. Гьеб хIалтIи гьес гьабуна ракI бацIцIадго мугIалимлъигун цадахъ. Будунлъун вукIаго гьес I5 гIанасев гIолохъанчи ругьун гьавуна как ахIизе , икъамат гьабизе , цеве вахъун имамлъи гьабун как базе ва хабаде къулгъу гьабизе.

Гьесул нухмалъиялда гьоркь ЛъаратIа гьоркьохъеб школаялъул 8 абилеб классалъул цIалдохъан ГIалибег Аталаевас Къуран цIалун лъугIана , ва лъикIав мугIалимлъун вахъана , ва гьес жиндирго мугIалим Макъсудгун цадахъ жиб жиб рокъор унги дарсал кьола.

Макъсуд гьанже хIалтIулев вуго ЦIемер участкаялъул авал мажгиталъул мугIалимлъунги ва "Ас-салам" газеталъул хIалтIухъанлъунги.

20I7 соналъул августалдаса нахъе Макъсуд ИсмагIилов тIамуна ЛъаратIа районалъул "ИНСАН" фондалъул нухмалъулевлъун. Къокъаб заманалда жаниб гьесда кIвана Аллагьас кьураб тавфикъалдалъун "ИНСАН" фондаялъе спонсорал ралагьизе , гьезие мухIканаб отчёт кьезе ва гьезул кумекалдалъун "ИНСАН" фондалъул хIалтIи ракI бацIцIадго гьабизе.

**Ислам ГIАБДУЛКЪАДИРОВ.**
**ЛъаратIа росу**




Отчеты по программам БФ «ИНСАН. поТляратммсмому району
С 01.08.2017 г по 31.12.2017

| № | Название программы | Коли-чество семей | Сумма |
|---|---|---|---|
| 1 | Закят | 7 семей | 12000р |
| 2 | Садака | 12 семей | 38100р |
| 3 | Я опекун (помощь детям-сиротам) | | |
| 4 | Медицинская программа «Будь здоров!» | | |
| 5 | Продукты в каждый дом! | 64 семей | 40640р |
| 6 | Ветхое жилье | 3 семей | 40700р |
| 7 | Благотворительный бутик! (помощь одеждой) | 140 семей | |
| 8 | Шатер Рамадана | | |
| 9 | Собери сирот в школу! | 23 детей | 22448р |
| 10 | Мясо в каждый бедный дом! | | |
| 11 | Сбор для жителей Сирии | | бОООOр |

**Итоговая сумма: 213 888р.**
**Общее количество семей: 249 семей**

*спорт*

# Как стать игроком сборной России по регби

## *Тагир Гаджиев рассказал о своем пути через ушу-саньда и боевое самбо*

**Пока мы мечтаем о том, чтобы дагестанские футболисты играли за сборную России, наши регбисты уже давно осуществили это. Один из них, уроженец села Гортноб Тляратинского района Тагир Гаджиев, нападающий краснодарской «Кубани», уже не первый год выступает за национальную сборную по регби. Тагир рассказал о начале карьеры и о том, как попасть в главную команду страны, не зная правил игры.**





— Занимался я ушу-саньда, вольной борьбой разумеется, после заинтересовался боевым самбо, тренировался в Кизляре три года у Абдулы Макаджиева, — перечислил Тагир все виды спорта, которыми успел позаниматься. — Причем увлекся серьезно этим видом спорта, не пропускал тренировки никогда...

**— Пока непонятно, какая связь между самбо и регби...**

— Тут все банально (смеется). Я был молод (сейчас Тагиру почти 24 года, совсем старый)). — «МД»), хотел заработать деньги, а мне сказали, что нужно потренироваться недельку, после чего дадут экипировку, пару тысяч заплатят. В итоге я сыграл один матч в чемпионате Дагестана, заплатили тысячу, но экипировку так и не увидел (смеется).

**— А что собой представляет чемпионат Дагестана по регби?**

— Ну как сказать?.. Там большинство ребят приходят, как я, из других видов спорта, им просто любопытно, что это. Кто-то остается, кто-то нет.

**— Те, кто увлечен регби по-настоящему, говорят, что этот вид спорта как нельзя лучше подходит дагестанцам, под наш менталитет. Согласен?**

— Полностью! Реально наш вид спорта! Там есть все — и бег, и захваты, и броски, прыжки. После борьбы и боев регби — третий наш спорт.

**— Вернемся к тебе. Сыграл ты в том матче, и что было дальше?**

— Я отыграл все-таки сезон до конца в чемпионате Дагестана, после чего меня пригласил в свой клуб президент РК «Кубань» (Краснодар) Федор Мусатов. Он приезжал в Дагестан вместе с тогда еще главным тренером сборной России Кингли Джонсом из Уэльса. С этим вопросом мне также помог Магомедрасул Исаев, президент Федерации регби Дагестана. Так вот, Федор Владимирович предложил мне хорошую зарплату и учебу в инфизе (Кубанский университет физкультуры и туризма. — «МД»). А я как раз думал, куда мне поступить учиться. Так я прочно связал свою жизнь с регби.

**— Если не секрет, сколько предложили?**

— Тридцать тысяч. Для меня это были большие деньги, поскольку в Кизляре найти работу с зарплатой в 15 тысяч уже было большой удачей. Меня также пригласили на просмотр в сборную России. Естественно, речи не было о том, чтобы я играл за национальную сборную, я и правил-то всех не знал регби.

**— ???**

— Игровой-то практики не было. Я, можно сказать, только год учил правила, и то до сих пор не разобрался во всех тонкостях регби. В сборной мои физические данные все устроили, но без игры за клуб, не зная всех правил, естественно, речи о вызове не было.

**— У регби такие сложные правила? Пас вперед не давать, схватил продолговатый мяч — и беги вперед, пока тебя не сбили. Что там еще-то?**

— Ага, еще в прыжке мяч занести за линию, забыл сказать (смеется). Наверно, с трибун так и кажется. Но тут все сложнее. Сколько тут комбинаций! У меня постоянно с собой тетрадка с различными игровыми схемами, будь то в «коридоре», будь то в открытой игре. И не забывай, что соперник тоже готов встретить тебя лоб в лоб, тут не получится «взял и побежал». Поэтому постоянно надо придумывать всякие хитрости.

В «Кубани», честно говоря, первый месяц я вообще ничего не получил, спасибо родителям за помощь, потом начали давать 7–10 тысяч, и так потихоньку поднимали. Жил в общежитии, ведь я поступил в инфиз, был студентом и занимался регби. Но, правда, в первое время мне не давали играть, главный тренер не вызывал в основную команду, я больше тренировался с молодежкой. Все изменил случай. В 2013 году в команду играющим тренером перешел Даррен Моррис, экс-игрок национальной сборной Уэльса, а я поехал выступать за сборную Дагестана. Мы выступали в чемпионате России на полях рядом с «Лужниками», где шел Кубок мира по регби — 7. Там-то Моррис меня и увидел, и был очень удивлен, почему я еще не в основной команде. Он поскандалил из-за меня, и через несколько дней я уже был в заявке основной команды «Кубани» на игре в Монино (Подмосковье). Там хорошо зарекомендовал себя, и с тех пор стабильно играю за главную команду.

**— В 2016 году ты стал автором «Лучшей попытки года» в регбийной премьер-лиге России...**

— Да, это случилось в полуфинальном матче чемпионата страны с «Енисеем-СТМ». Все получилось спонтанно: во время удара я должен находиться позади бьющего, а он пробил в общем-то неудачно, не так рассчитывал это сделать. Бьющий хотел лишь отыграть территорию, выбить в аут. А я набегал на этот мяч, ждал, что соперник его возьмет, и хотел захватить. Но мяч, ударившись о землю, прыгнул высоко, и, ни о чем не думая, я полетел за ним. Не знаю, как его поймал, как упал, но в итоге получилось эффектно (смеется).

**— А какой матч для тебя стал самым запоминающимся в жизни?**

Вместо ответа Тагир вытащил телефон и показал видео, где фанаты забили до отказа трибуны стадиона и в полной темноте светят своими мобильниками. Получилось красивое «звездное небо», и при этом они громко поддерживают свою команду.

— Это Тбилиси, мы играли со сборной Грузии в прошлом году, — рассказал Тагир, немного полюбовавшись роликом. — Стадион «Динамо», 55 тысяч болельщиков! Когда звучал гимн России, они так сильно свистели, что я себя не слышал. Мы проиграли в том матче, но зато я сыграл против легенды регби Мамуки Горгодзе. Это того стоило!

**— В 2016 году ты попал в символическую сборную российской премьер-лиги по итогам сезона, в так называемый «дрим тим». Насколько это значимо для тебя?**

— Для меня это достижение. Ведь в премьер-лиге играют не только россияне, но и неплохие игроки из-за рубежа. Так что я рад, что тренеры, специалисты из Федерации регби России так высоко оценили мою игру. Будем стараться и дальше так же играть.

**— С тобой вместе и в «Кубани», и в сборной России играют дагестанцы Магомед Даудов и Назир Гасанов. Как у них дела?**

— Ну, Назир, можно сказать, на закате своей карьеры, а вот Магомед, хоть и старше меня, но у игроков первой линии расцвет начинается годам к 30. Так что у него все еще впереди.

**— Есть такое выражение: «Футбол — это игра джентльменов, в которую играют хулиганы, а регби — это игра хулиганов, в которую играют джентльмены». Согласен?**

— У регбистов есть такое понятие, как «третий тайм». Если на поле мы уничтожаем друг друга, то после матча игроки собираются вместе за одним столом и по-дружески общаются. Причем на чемпионате Европы это обязательный ритуал. Да, бывает такое, что игроки подерутся на поле, а после матча пьют вместе пиво, как принято в Европе. Был случай, когда в чемпионате Англии один игрок ударил соперника, а тот после матча выложил этот момент в соцсеть и подписал «Классный удар!», на что его соперник ответил: «Спасибо, с меня кружка пива!» (Смеется.)

**— У тебя была такая история?**

— Когда мы играли со сборной Румынии, их игрок первой линии, качок, специально упал на меня локтем в позвоночник. А румыны славятся грязной игрой. Я несколько раз заметил это судье, а тот словно не видит и не слышит. Меня будто замкнуло, — я не слышал ничего вокруг: ни слов тренера, ни слов партнеров по команде, видел только этого румына, хотел его наказать. В одном из моментов, когда он нагибался за мячом, я с ходу ударил его коленом в лицо. Судья в этот раз заметил и дал мне красную карточку. После игры было разбирательство, и хорошо, я хоть немного знаю английский и объяснил, что тот первым начал. В итоге меня дисквалифицировали всего на три недели.

**— Подожди, а как же «третий тайм»?**

— Ну, мы зла друг на друга не держали и, кажется, пожали друг другу руки после матча (смеется).

**Источник: Газета «Молодёжь Даге-**

## ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ЧЛЕНОВ СЕМЕЙ ВОЕННОСЛУЖАЩИХ!

**Члены семей военнослужащих, не имеющие работы, могут получить помощь в трудоустройстве, обратившись в Центр занятости населения по месту их проживания.**

При регистрации в Центр занятости населения необходимо предоставить следующие документы: - паспорт; - документ об образовании или документ, удостоверяющий профессиональную квалификацию; - индивидуальная программа реабилитации и абилитации инвалида (гражданам, относящимся к категории инвалидов). Центр занятости осуществляет работу по следующим направлениям: - ведет прием и регистрацию граждан; - информирует о наличии вакантных рабочих мест, об оплате и условиях труда; - оказывает им помощь в профессиональном самоопределении, проводит профессиональные консультации и профотбор; - проводит психологическую консультацию и коррекцию; - осуществляет подбор подходящей работы; - организует и проводит профессиональное обучение граждан по направлению и за счет органов службы занятости; - оказывает содействие в организации предпринимательской деятельности, самозанятости; - содействует адаптации граждан к трудовой деятельности; - информирует о возможностях профессиональной подготовки, переподготовки или повышения квалификации.

**Директор ГКУ РД**
**«ЦЗН в МО «Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**

**Большое количество инвалидов в нашей стране неизбежно создает проблемы их трудоустройства и занятости, в силу разных обстоятельств. В первую очередь это отсутствие физической способности осуществлять некоторые функции, присущие здоровому человеку.**

# Трудоустройство инвалидов. Актуальность, проблемы, законодательство

В соответствии со ст. 1, ФЗ "О социальной защите инвалидов в Российской Федерации", инвалидом признается лицо, которое имеет нарушение здоровья, со стойким расстройством функций организма, обусловленное заболеваниями, последствиями травм или дефектами, приводящее к ограничению жизнедеятельности и вызывающее необходимость его социальной защиты. При этом под ограничением жизнедеятельности понимается полная или частичная утрата лицом способности или возможности осуществлять самообслуживание, самостоятельно передвигаться, ориентироваться, общаться, контролировать свое поведение, обучаться и заниматься трудовой деятельностью. Инвалиды испытывают определенные трудности в поиске работы по причине ограниченности своих возможностей и в связи с этим нуждаются в поддержке со стороны государства. Таким образом, были приняты законы и подзаконные акты, призванные отстаивать права инвалидов в сфере занятости: "О социальной защите инвалидов в Российской Федерации" Несмотря на наличие рабочих мест, не все трудоспособные инвалиды проявляют себя в трудовой деятельности, хотя имеют такую же потребность.

Причинами инвалидности признаются: 1. Общее заболевание 2. Инвалидность с детства 3. Трудовое увечье 4. Профессиональное заболевание 5. Заболевание, которое было получено в связи с аварией на Чернобыльской АЭС, последствиями радиационных воздействий. 6. Ранение (увечье, контузия), полученные при защите государства или при исполнении иных обязанностей военной службы, либо заболевание, связанное с пребыванием на фронте.

Каждое ограничение имеет свою степень выраженности: 1 степень – способность к выполнению трудовой деятельности при условии снижения квалификации или уменьшения объема производственной деятельности. 2 степень – способность к выполнению трудовой деятельности в специально созданных условиях с использованием вспомогательных средств. 3 степень – неспособность к трудовой деятельности.

Критерием для определения группы инвалидности является социальная недостаточность, требующая социальной защиты и помощи. Для установления первой группы инвалидности – способности третьей степени. Для второй группы – способности второй степени. Для третьей группы – способности первой степени.

Работодатели часто отказываются принимать на работу инвалидов: в связи с лишними затратами; психологическими особенностями инвалидов, а также в связи с необходимостью лечения. Так же важным фактором является отсутствие возможности привлечения к дополнительным. Отсутствие желания понять проблемы людей, имеющих инвалидность и войти в их ситуацию играет решающую роль в трудоустройстве данной категории населения.

В Российской Федерации решением вопроса занятости населения занимается государственная служба занятости населения. Соответственно, туда может обратиться и человек с инвалидностью. Данная организация занимается предоставлением проф. ориентационных услуг и проводит ознакомление с имеющимся банком вакансий. Если человек с инвалидностью пожелает встать на учет в службу занятости как безработный гражданин, ему необходимо оформить "Индивидуальную программу реабилитации" при условии отсутствия у него третьей степень ограничения к трудовой деятельности.

Для инвалидов, желающих трудиться, очень важна занятость. Инвалид, имеющий работу, перестает ощущать свою неполноценность, вызванную физическими и иными недостатками здоровья, чувствует себя полноправным членом общества и, что немаловажно, имеет дополнительные материальные средства. Поэтому, инвалидам предоставляются гарантии осуществления трудовой занятости путем

проведения ряда специальных мероприятий, способствующих повышению их конкурентоспособности на рынке труда: 1) Установление квоты для приема на работу инвалидов и выделение минимального количества специализированных рабочих мест для них; 2) Осуществление льготной финансово-кредитной политики в отношении специализированных предприятий, применяющих труд инвалидов, предприятий, учреждений, организаций общественных объединений инвалидов; 3) Создание инвалидам условий труда в соответствии с их индивидуальными программами реабилитации; 4) Создание условий для предпринимательской деятельности инвалидов; организации обучения их новым профессиям. Для трудоустройства инвалидов должны создаваться специальные рабочие места со специализированным техническим оснащением с учётом индивидуальных возможностей инвалидов. Одним из основных направлений поддержки инвалидов является профессиональная реабилитация, которая является важнейшей составной частью государственной политики в области социальной защиты инвалидов. Профессиональная реабилитация инвалидов включает следующие мероприятия: 1. Профориентация; 2. Психологическая поддержка профессионального самоопределения; 3. Обучение или переобучение; 4. Повышение квалификации; 5. Содействие трудоустройству; 6. Квотирование и создание специальных рабочих мест для трудоустройства инвалидов, 7. профессионально-производственная адаптация.

Профессиональная реабилитация инвалидов с их последующим трудоустройством экономически выгодна для государства. Так как, средства, вложенные в реабилитацию инвалидов, будут возвращаться государству в виде налоговых поступлений, являющихся следствием трудоустройства инвалидов. Здоровый человек легко может приспособиться к окружающей среде. Инвалидам же нужно приспосабливаться к различным сферам жизнедеятельности. Государство и общество должно быть заинтересовано в адаптации этой социальной группы для того, чтобы они свободно могли работать по той профессии, которой они считают наиболее подходящей для себя. Работодатели не должны оставаться равнодушными к проблемам этих людей. Предприятия должны оснащаться специализированным оборудованием для инвалидов, чтобы они чувствовали себя полноценными людьми, способными к трудовой деятельности, что бы ощущали себя на равных со здоровыми.

Обязанность работодателя принять на работу инвалида

В России трудоустройство инвалидов – дело проблематичное. Руководители организаций обычно ссылаются на различные негативные моменты, касающиеся обеспечения им особых условий, на присутствующие риски и т. п. А некоторые просто не знакомы с порядком трудоустройства этой категории граждан и отказывают им по иным причинам.

Однако многие работодатели попросту забывают о том, что отказ в трудоустройстве инвалиду по причине его физического недостатка является недопустимым, о чём прямо говорится в ст. 64 ТК РФ. Обсуждая данную тему, стоит вспомнить и о положениях ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации» от 24.11.1995 № 181-ФЗ. В ст. 21 закреплена обязанность работодателей, в компаниях которых численность сотрудников превышает 100 человек, осуществлять трудоустройство инвалидов согласно предусмотренной в субъекте квоте. Эта квота может составлять от 2 до 4% среднесписочной численности сотрудников организации. Что касается обязанности соблюдения квоты (действующей в конкретном территориальном образовании), то она ложится на все предприятия вне зависимости от формы их собственности. Особенности трудовых правоотношений с инвалидами В ст. 23 федерального закона № 181-ФЗ указывается на то, что установление в коллективных или индивидуальных трудовых договорах с инвалидами условий труда, ухудшающих положение работника с ограниченными физическими возможностями по отношению к другим работникам предприятия недопустимо. Так, например, запрещено устанавливать во внутренних соглашениях пониженный размер зарплаты, уменьшать продолжительность ежегодного отпуска, создавать неблагоприятный режим труда и отдыха и т. д. Не стоит забывать и о том, что для работников с ограниченными физическими способностями законодательно закреплены и дополнительные гарантии, имеющие место при трудоустройстве инвалидов. К таковым относятся:

— Меньшая продолжительность рабочего времени для инвалидов I и II групп. На основании ст. 23 упомянутого закона и ст. 92 ТК РФ для данной категории граждан гарантируется 35-часовая рабочая неделя, без какого-либо снижения зарплаты. — Инвалидам всех групп устанавливается увеличенный основной ежегодный отпуск, составляющий 30 календарных дней (ст. 23 ФЗ № 181). — Вне зависимости от группы инвалидности каждый гражданин с ограниченными физическими возможностями осуществляет трудовую деятельность, дневная (сменная) продолжительность которой не превышает норматива, установленного в его медзаключении.

**Ведущий инспектор ГКУ РД ЦЗН в МО «Тляратинский район» ГАЙДАРОВА Н.**

**ОБЪЯВЛЕНИЯ**

Аттестат № В 0096695, выданный 16.06.2006 г. Чородинской неполной средней школой Омарову Исе Ибрагимовичу СЧИТАТЬ НЕДЕЙСТВИТЕЛЬНЫМ.

Уважаемые жители Тляратинского района! Доводим до Вашего сведения ,что в филиале ГАУ РД "МФЦ в РД" по Тляратинскому району можно заполнить анкету для формирования кадрового резерва для дальнейшего трудоустройства в филиале. Всю необходимую информацию вы можете найти на нашем **сайте mfcrd.ru**

*баркула юбилей*



## Рамазан ГIабдулхаликъовас тIубана 60 сон

Марталъул 25 къоялъ районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулхаликъовасе тIубана 60 сон. Районалъул администрациялъул киналго хIалтIухъаба ракI – ракIалъ баркулеб буго Рамазан ТIагьировичасда гьавураб къо. Кьеги дуе щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва гьабулеб хIалтIулъ баракат.

Рамазан ГIабдулхаликъов гьавуна 1958 соналъул 25 марталда ЛъаратIа росулъ. 1976 соналъ тIокIлъиялда лъугIана ЛъаратIа гьоркьохъеб школа ва цIализе лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталде. Гьебги цIалун бахъун I98I соналъ ана Тбилиси шагьаралде ВатIанияб хъулухъ тIубазе. 1983 абилеб соналдаса нахъе Рамазан ГIабдулхаликъов хIалтIана районалда батIи-батIияб хъулухъазда. Райсобраниялъул председателасул заместительлъун, районалъул администрациялъул бетIерлъун ва росдал магIишаталъул исполкомалъул экономистлъун. Гьев 25 соналъ хIалтIулев вуго районалъул бетIерасул тIоцевесев заместительлъун, 1993 соналдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан. Гьоркьов 2006 соналъ районалъул администрациялъул бетIерлъунги.

ГIабдулхаликъовасе гIемерал шапакъатал щвана районалъул ва республикаялъул нухмалъиялъул рахъалдасан.

2013 соналъ республикаясул бетIерасул амруялда рекъон гьев мустахIикълъана «РакIбацIадав ва ритIухъав хIалтIухъан» абураб грамотаялъе. Гьеб гуреб « Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав экономист» абураб тIадегIанаб цIар щвана 2002 соналъ.

**Райадминистрация, Редакция**

*спортшколалда хиса-басиял*



## ЦIияв нухмалъевлъун тIамуна ЦIумилухъа Къурбан ГIумаров

ЛъаратIа спортшколалда нухмалъулев хисана. 15 марталдаса нахъе районалъул бетIерасул амруялда рекъон, гьенив тIамуна ЦIумилюхъ росулъа Къурбан ГIумаров. Гьев хIалтIулев вукIана 20I6 соналдаса нахъе гьенивго ДЮСШялда нухмалъулесул заместительлъун.

Къурбание буго 57 сон, гьес лъугIана Хасавюрт шагьаралда педколледж, хадув цIализе лъугьана Ставрополь пединституталда физкультураялъул факультеталда, гьебги лъугIун Къурбан цIализе лъугьана МахIачхъалаялда ДГПУялъул физкультураялъул факультеталда. Къурбан хIалтIана физкультураялъул мугIалимлъун 1982 соналдаса 20I6 соналде щвезегIан. Руго гьесул батIи-батIияб шапакъатал университеталда щварал. Гьесда цеве ЛъаратIа ДЮСШялъул нухмалъулевлъун вукIана Ибрагьим Ражабов.

Баркула Къурбанида цIияб хъулухъ.

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372**

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 , 30.03.2018
Заказ ____________________